



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENPLANTASYON BIWO ENÈJI RENOUVLAB LA DEJA APWOUVWE DE GWO ENSTALASYON ENÈJI SOLÈ

***320 megawat elektrisite solè konbine pral pote plis pase 54 milyon dola nan
ekonomi lokal la***

Yo deja apwouve sèt pwojè enèji renouvlab a gran echèl depi 2021

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Enplantasyon Biwo Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Siting, ORES) Eta New York la bay pèmi enplantasyon pou Boralex's Greens Corners Solar, LLC ak Community Energy's Hemlock Ridge Solar, LLC pou devlope, fè konsepsyon, konstwi, opere, kenbe, ak demantle de gwo enstalasyon enèji solè. Pwojè sa yo pral pote 320 megawat enèji pwòp konbine nan kay ak biznis New York yo epi pote plis pase 54 milyon dola nan ekonomi lokal yo.

"Administrasyon mwen an te akselere devlopman enèji renouvlab nou an yon fason sinifikatif depi ane pase a, e jodi a n ap solidifye pozisyon nou davantaj antanke lidè nan aksyon klimatik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap kontinye suiv angajman nou pou devlope enèji vèt nan tout eta a, epi pwojè sa yo ap mennen nou pi pre pou depase objektif klima anbisye nou yo, sa k ap kreye djòb vèt ki byen peye, epi kreye yon New York ki pwòp, an sante pou jenerasyon k nap vini yo."

Avèk desizyon jodi a, Enplantasyon Biwo Enèji Renouvlab (ORES) Eta New York la kounye a deja bay sèt pèmi depi 2021, ak majorite nan desizyon yo ki vini nan espas sis mwa apre yo te jije aplikasyon yo konplè. Desizyon ORES la pou de enstalasyon sa yo te swiv yon revizyon detaye ak transparan ak yon pwosesis patisipasyon piblik solid pou asire etablisman yo pwopoze a satisfè oswa depase egzijans Seksyon 94-c Lwa Egzekitif la ak règleman enpleman li yo nan yon fason ki alè, ki rantab.

Greens Corners se yon etablisman pwodiksyon elektrisite solè ki evalye a 120 megawat (MW) ki sitiye nan Vil Hounsfield ak Watertown, Konte Jefferson. Hemlock Ridge se yon etablisman pwodiksyon elektrisite solè ki evalye a 200 MW ki sitiye nan vil Barre ak Shelby, Konte Orleans. Ansanm, enstalasyon solè sa yo dwe jenere ase enèji pwòp pou alimante plis pase 62,000 kay nan New York pou omwen 20 ane epi redwi emisyon kabòn a plis pase 476,000 tòn metrik chak ane. Pwojè sa yo ak lòt gwo enstalasyon enèji renouvlab otorize epi ki kounye a anba revizyon ORES yo enpòtan anpil pou

satisfè sib enèji pwòp ak rediksyon kabòn agresif ak Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou konbat chanjman klimatik.

Houtan Moaveni, Direktè Egzekitif Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab la, te deklare, "ORES ap kontinye bay rezilta reyèl nan objektif enèji anbisyè New York la ki alatèt peyi a. ORES rete fèm nan angajman li pou travay avèk gouvènman lokal yo ak pati konsène yo nan kominote a pandan tout devlopman tout gwo enstalasyon enèji renouvlab yo pou asire yo kontinye nan yon fason ki pwoteje anviwònman an epi konsidere tout faktè sosyal, ekonomik ak anviwònmantal ki enpòtan yo."

Enstalasyon solè sa yo prevwa bay nouvo revni nan konte yo, vil yo ak distri lekòl yo nan fòm Peman nan Plas Taks (Payments In Lieu Of Taxes, PILOT) pou investi nan enfrastruktir, sèvis adisyonèl, ak resous pou rezidan yo. Pwojè sa yo pral ankouraje plis pase 54 milyon dola nan investisman prive epi kreye plis pase 400 djòb akoutèm ak alontèm.

Ou kapab jwenn desizyon jodi a lè ou ale sou sitwèb biwo a nan <https://ores.ny.gov/permit-applications>.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "New York ap akselere rapidman devlopman li yo nan kad pwojè enèji renouvlab a gran echèl kòm yon pati nan apwòch konplè nou an pou transfòme rezo elektrisite eta a. Apwobasyon de pwojè sa yo - Greens Corner Solar ak Hemlock Ridge Solar - se yon etap enpòtan nan pakou yo nan direksyon operasyon komèsyal epi demontre angajman pwodiktif ant devlopè pwojè yo, gouvènman òganizatè lokal yo, ak pati konsène yo nan kominote a pou sitiye pwojè sa yo yon fason responsab pou sipòte objektif enèji pwòp eta a."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Pwojè ki jenere enèji renouvlab ap avanse efò pou atenn objektif enèji anbisyè ki alatèt nasyon an ak sib rediksyon gaz ki lakoz efè sè New York yo. Pandan eta a ap tranzisyon nan direksyon plis operasyon enèji solè ak enèji pwòp, n ap fè rediksyon enpòtan nan emisyon gaz ki lakoz efè sè yo ki pral amelyore sante piblik, pwoteje anviwònman nou an, epi avanse yon avni ki pi dirab pou tout kominote yo."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Pwojè renouvlab tankou sa a pral enpòtan anpil pou reyalize enèji pwòp ak ajanda klimatik solid Eta a. Fèm solè yo nan dimansyon sa a pwodui ase enèji pou alimante plizyè milye kay pandan y ap soufle nouvo lavi nan ekonomi lokal nou yo. Antanke manm Konsèy Aksyon Klimatik la, mwen felisite moun ki te fè pwojè a vin yon reyalite epi mwen pa ka tann pou mwen wè pwodwi fini an."

Prezidan Lig Konsèvasyon Elektè New York la (New York League of Conservation Voters), Julie Tighe, te deklare, "Jis yon jou apre Gouvènè Hochul te

anonse pwochen demann pou yon lòt 2,000 megawat enèji renouvlab a gran echèl, Lig Konsèvasyon Votè New York (New York League of Conservation Voters) yo kontan wè Enplantasyon Biwo Enèji Renouvlab la bay pèmi pou Greens Corner Solar ak Hemlock Ridge Solar pou de nouvo gwo enstalasyon enèji solè nan kad Lwa Akselerasyon Enèji Renouvlab ak Avantaj Kominotè (Accelerated Renewable Energy Siting and Community Benefits Act) a. Nou felisite Gouvènè a paske li te pran New York soti nan pwomès rive nan pwojè ak ORES pou pwosesis revizyon rapid, poutan delibere pa yo - yo konprann ke ijans chanjman klimatik la mande dwe ale men nan men ak swen kominote nou yo merite."

Anne Reynolds, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Objektif klima nou yo vin tounen objektif konstriksyon nou yo, sitou nan sa ki gen pou wè ak fè konstwi enstalasyon enèji ewolyèn ak enèji solè. Se yon bon nouvèl ke Enplantasyon Biwo Enèji Renouvlab la ap travay san rete nan aplikasyon atravè aplikasyon pèmi li resevwa yo, e ke yo te pèmèt de nouvo pwojè solè avèk siksè. Pwojè sa yo pral bay enèji pwòp ak djòb konstriksyon, ansanm ak revni taks bay kominote òganizatè yo."

Inisyativ Enèji Pwòp New York la k ap mennen nan nasyon an

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekite nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

Konsènan ORES

Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab la (ORES) se inik ajans eta ki dedye sèlman pou enplantasyon ekolojik responsab ak rantab an tèm enstalasyon enèji renouvlab epi ki te

etabli pa Lwa Akselerasyon Kwasans Enèji Renouvlab ak Avantaj Kominotè (Accelerated Renewable Energy Growth and Community Benefit Act) a an Avril 2020. Biwo a konsolide revizyon anviwònmantal la ak otorizasyon gwo enstalasyon enèji renouvlab pou asire ke desizyon anplasman yo previzib, responsab, epi fèt alè ak opinyon gouvènman lokal yo ak kominote òganoztè yo. Nan dat 3 mas 2021, Biwo a te adopte règleman konplè ki gen ladan yon seri estanda inifòm ak kondisyon pou aplike Lwa a. Biwo a fèt pou pèmèt New York jwenn 70 pousan elekrisite eta a ki soti nan sous renouvlab dis 2030, jan yo egzije sa nan kad plan klimatik ki enskri nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè New York la k ap mennen nan nasyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou ORES, tanpri vizite www.ores.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418